



Pou Piblikasyon Imedya: 5/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ TRANSFÒMATÈ POU ROCHESTER NAN
KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA A**

Senk Pwojè Revitalizasyon Anba Lavil pral amelyore Kilti Dinamik Rochester a

***10 Milyon Dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la fè Pati yon Objektif
Estratejik pou Anrichi Kominote a, Ankouraje Biznis ak Kreye Opòtinite Lojman***

Reprezantasyon Grafik Pwojè yo Disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse senk pwojè transfòmasyonèl nan Vil Rochester nan kad Prim sibvansyon 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Prim yo pral ogmante investisman redevlopman siyifikatif kominote a ak nouvo pwojè ranplasman ak redevlopman pwopriyete istorik yo. Reprezantasyon grafik pwojè revitalizasyon Rochester yo disponib [isit la](#).

"Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, n ap ede asire patnè lokal nou yo gen resous yo bezwen pou amelyore anba lavil New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk prim 10 milyon dola sa a, n ap inogire yon nouvo epòk pou Rochester epi n ap kreye plis opòtinite pou rezidan yo pandan n ap fè kominote a yon pi bon kote pou viv, travay ak jwe."

Revitalizasyon Vil Rochester a konsantre sou kreye yon santiman apatenans amelyore ak aktivite ak vivasite renouvle. Prim yo pral transfòme Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la lè yo ajoute lojman, akomodasyon lojman, espas komèsyal ak amelyorasyon enfrastrikti piblik yo.

Investisman yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite nan Rejyon Finger Lakes la. Se Depatman Eta (Department of State, DOS) ki dirije Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik ak yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè presi yo ki pral finanse atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la gen ladan:

TransfòmE Kwen Main ak Clinton lan - Prim DRI: 4,000,000 dola

Randevlope kat bilding istorik pou itilizasyon miks ki te yon flewo pou peyizaj iben yo pandan prèske kat deseni. Sa a se yon gwo renovasyon istorik ki pral fè efò tou pou netralite kabòn epi ki pral kreye inite lojman pou revni mwayen ak vitrin magazen modèn nan yon kwen enpòtan nan Anba Lavil.

Redevlopman Edwards Building (Batiman Edwards) Istorik la - Prim DRI: 1,750,000 dola

Konbine yon reyabilitasyon istorik sètifye Edwards Building ki vid depi lontan ak kreyasyon yon kowoperativ jeotèmik distri a anba pakin adjasan an. Yo pral ajoute yon total apeprè 114 nouvo inite lojman ak espas komèsyal nan premye etaj la.

Devlope Alta Vista - Prim DRI: 1,385,000 dola

Konstwi yon bilding anviwon 6 etaj, ki gen 76 inite pou revni miks sou kat teren vid nan Anba Lavil Rochester. Pwojè a gen ladan inite lojman sipò pou sivivan vyolans domestik yo ak espas pou Landmark Society nan Rejyon Lwès New York. Pwojè sa a pral fè tou amelyorasyon nan Pak St. Joseph KI adjasan an. Nouvo ekleraj, chemen, ak amelyorasyon estriktirèl pral amelyore espas evènman piblik ak anplennè sa a.

Konstwi Main Street Commons - Prim DRI: 1,300,000 dola

Kreye yon nouvo espas piblik anplennè nan kè Anba Lavil la epi amelyore koneksyon pou pyeton ant St. Paul Street ak Clinton Avenue. Pwojè sa a pral divize sipèblòk ki egziste deja ki mezire 600 pye nan longè an de longè blòk iben ki pi pratik pou pyeton.

Kreye Otèl Kresge Building lan - Prim DRI: 1,265,000 dola

Redevlopman batiman twa etaj Kresge la an yon otèl boutik ki gen apeprè 28 chanm ak etablisman manje ak bwason ki sèvi ankraj nan premye etaj la ki anfas Main Street la, Division Street, ak Main Street Commons yo pwopoze a.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Kreyativite ak imajinasyon se eleman kle pou fè anba lavil nou yo rejwenn lavi. Pwojè yo te anonse jodi a kòm yon pati nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon bèl egzanp plan solid Rochester pou re-imagine fason kominote yo konekte atravè espas piblik, bilding pou itilizasyon mikz ak opòtinite kiltirèl. Felisite pou ganyan pwojè yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Envestisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil kominote sible sa yo nan sant vil Rochester a pral alimante davantaj motè ekonomik ki nesèsè pou sipòte biznis lokal yo epi ankouraje kwasans ekonomik. Senk pwojè ki pote transfòmasyon epi ki enklizif yo pral travay pou bay nouvo lavi nan zòn anba lavil la, sa k ap kreye espas dinamik ak kote ki pral benefisye alafwa jenerasyon rezidan Rochester aktyèl ak fiti jenerasyon yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil New York ap devlope nouvo opòtinite ekonomik, ogmante estòk lojman nou an, ak amelyore mwayen sibstans nan katye yo atravè eta

nou an. Nou kontan dèske anons jodi a pral sipòte kreyasyon plis pase 190 nouvo kay nan anba lavil Rochester, ki bati sou efò ki pote siksè nou pou nou ofri plis opòtinite lojman nan vil la epi asire ke kwasans Rochester benefisye tout moun kèlkeswa revni yo."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Senk pwojè revitalizasyon anba lavil divès sa yo se yon envestisman enpòtan nan kwasans ekonomik ak dinamik Rochester. Benefisyè prim sa yo pral ede asire kominote yo konekte epi yo gen yon kalite lavi amelyore lè yo prezève istwa vil nou an pandan y ap kreye espas ki aksesib epi dirab pou viv, travay ak jwe. Mwen felisite moun ki resevwa prim yo epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Empire State Development, ak FLREDC pou sipò yo."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Chak nan senk pwojè sa yo reprezante nouvo avni briyan Rochester a. Mèsi Gouvènè Hochul paske w bay Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la priyorite nan bidjè eta nou an epi ou ede nou bay 10 milyon dola pou Rochester. Antanke Prezidan Komite Devlopman Ekonomik Asanble a, mwen konnen ki jan peyizaj vil nou an enpòtan anpil pou atire nouvo biznis yo epi pou rebay lavi nan sant vil istorik Rochester a. Senk pwojè sa yo konsantre sou kreye lojman abòdab, amelyore espas vèt, ak bati kominote anba lavil nou an. Pandan konstriksyon an kòmanse sou pwojè lokal sa yo, travayè lokal yo pral trase chemen pou asire ke finansman sa a ede kreye yon ekonomi ekitab ak enklizif pou tout moun."

Manm Asanble Demond Meeks te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li anvè kominote Greater Rochester a. Nou bezwen envestisman ki pote transfòmasyon nan kè vil nou an. Pwojè anbisyè tankou sa yo esansyèl pou ramne nouvo lavi nan zòn anba lavil nou an. Yo pral redevlope kèk pati enpòtan nan enfrastrikti istorik nou an pou sèvi manm kominote nou an, ki gen ladan opòtinite pou travay ak lojman. Mwen espere ke inisyativ sa yo reprezante yon pati nan yon pi gwo angajman anvè katye nou yo ak fanmi nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble Sarah Clark te deklare, "Jodi a make yon jou ki ekstrèmman eksitan pou kominote Rochester a, youn nan envestisman istorik nan pwojè revitalizasyon anba lavil la ki pral amelyore lavi moun ki abite nan rejyon Rochester a pou jenerasyon k ap vini yo. Soti nan kreye lojman abòdab ak lojman espesyalize ke yo bezwen dezespereman pou sivivan vyolans domestik yo, rive nan devlope espas adisyonèl pou evènman anba lavil, espas pou manje ak bwason, ak lojman pou ranfòse ekonomi lokal nou an- chak pwojè sa yo pote opòtinite inik nan rejyon nou an. Mèsi Gouvènè Hochul, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes ak tout patnè nou yo nan gouvènman an ak moun ki gen enterè yo nan kominote a pou efò kolaboratif yo pou pote Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la nan vil Rochester."

Manm Asanble Jen Lunsford te deklare, "Envestisman sa yo pral vrèman transfòme anba lavil Rochester yon fason ki pral rapòte dividann nan katye ki ozanlantou yo. Renovasyon Main ak Clinton lq; an patikilye, ki sèvi kòm yon pòtay vil nou an, pral enpòtan anpil pou devlopman ekonomik sektè anba lavil nou an. Mwen kontan sipòte pwojè sa yo."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Anba Lavil se batman kè Rochester - epi Rochester se kè Konte Monroe. Finansman enpòtan sa a konplete pwojè k ap kontinye pou revitalize anba lavil la, epi li alimante plis kwasans ekonomik ki pral ede kominote nou an pwospere. Mèsi, Gouvènè Kathy Hochul, paske w priyoreze ekonomi ak vwazen Konte Monroe yo yon lòt fwa ankò."

Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare, "Pwojè yo chwazi pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Rochester a pral rebay yon dinamik ki nesèsè anpil nan Sant Vil nou an epi akselere elan enkwayab n ap bay pou kreye yon Anba Lavil kote tout moun ka viv, travay ak jwe. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak inisyativ Finger Lakes Forward Empire State Development lan paske yo sipòte ekonomi Rochester avèk investisman sa a nan vil nou an. Finansman sa yo pral avanse efò nou yo pou kreye yon vil ki ranpli espwa ak yon avni pwospè."

Ko-Prezidan Konsyèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Chanm Komès Rochester ak Doktè Denise Battles, Prezidan State University of New York (SUNY) Geneseo, te deklare, "FLREDC fyè anpil pou li sipòte Vil Rochester ak avni eksitan li atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè a. Senk pwojè komintè sa yo ke yo chwazi, pral benefisye alafwa rezidan yo ak vizitè yo, ankouraje kwasans ekonomik ak kreye yon sant vil ki pi dinamik, yon plas kote moun pral vle viv, travay, ak jwe pou jenerasyon k ap vini yo."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta New York la, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovan "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, ki adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la disponib [isit la](#).

###